



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PWOMÈT PWOMILGASYON LEJISLASYON NAN 100
PREMYE JOU YO POU FÈ LWA SOU ZAM NEW YORK LA YO
KI DEJA LIDÈ NAN NASYON AN MENM PI SOLID ANKÒ**

*Li Pwomèt l ap Pwomilge Pwojè Lwa Siyal Alam lan, k ap Anpeche Moun ki
Montre Siy ke yo ka Poze yon Menas pou Pwòp Tèt yo oswa pou
Lòt Moun yo Achte oswa Posede Zam*

*Li pral fè Efò pou l Entèdi Bump Stock epi Pwolonje Peryòd Datant pou
Verifikasyon Antesedan pou Moun Achte Zam lan soti 3 Jou pou vin 10 Jou*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwomèt pwomilgasyon lejislasyon nan 100 premye jou nouvel sesyon lejislativ la pou konbat vyolans ak zam epi fè lwa sou zam New York la yo ki deja lidè nan nasyon menm pi solid ankò. Premyèman, Gouvènè a te pwomèt l ap pwomilge Pwojè Lwa Siyal Alam lan (Red Flag Bill), ke yo konn rele tou pwojè lwa sou pwoteksyon kont risk ekstrèm lan, ki pral anpeche moun ki montre siy ke yo ka poze yon menas pou pwòp tèt yo oswa pou lòt moun yo achte oswa posede nenpòt tip zam afe. Pwojè lwa sa ap ajoute sou lwa sou zam New York yo ki deja lwa ki pi solid nan nasyon an, epi, si yo pwomilge yo, yo pral fè New York vin premye Eta nan peyi Etazini ki bay pwofesè ak administratè lekòl yo mwayen pou yo anpeche fiziyad nan lekòl yo atravè pouwit entèvansyon tribinal yo. Anplis de sa a, Gouvènè a pral fè efò pou l entèdi Bump Stock yo epi pwolonje peryòd datant pou verifikasyon antesedan pou moun achte zam lan yo soti 3 jou pou vin 10 jou.

“Flewo vyolans ak zam ki gen nan peyi nou an se youn nan pwoblèm ki pi ijan nan epòk nou an, epi mwen pap rete tann gouvènman federal la pou m pran mezi atravè pwomilgasyon lejislasyon sou sekirite zam afe yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York deja gen lwa sou sekirite zam afe ki pi solid nan nasyon an, epi nou ap pran lòt mezi pou fè lwa nou yo vin pi solid ankò epi pwoteje kominote nou yo, ak lekòl nou yo. Ansanm, nou pral pwomilge lejislasyon ki gen bon sans sa a epi n ap voye yon mesaj klè bay Washington ki di ke vyolans ak zam pa gen plas li nan eta oswa nan nasyon nou an.”

“Mwen te vwayaje ak Gouvènè a pou n al vizite lekòl toupatou atravè eta a yo pandan ete ki sot pase a la pou nou pwomouvwa mezi sekirite zam afe ki gen bon sans tankou Pwojè Lwa Siyal Alam lan”, **Gouvènè Adjwen Hochul te deklare, pandan li t ap fè yon diskou nan lekòl segondè kote Scott Beigel, ki se yon natif natal Long Island yo te touye pandan fiziyad ki te fèt Parkland lan te lekòl la, nan kad anons inisyativ Ajanda Jistis 2019 la (2019 Justice Agenda).** “Nou ap kontinye mete ansanm pou nou gen lejislasyon ki pral konbat vyolans zam epi retire zam nan men moun ki ka fè tèt yo oswa lòt moun mal. Pandan gouvènman federal la pa reyisi

pwoteje sitwayen li yo, New York pral kontinye trase chemen an epi pwomilge politik k ap ede mete fen a vyolans ak zam san sans epi sove lavi moun.”

Pwojè Lwa Siyal Alam lan (Red Flag Bill)

Pa gen lwa ki egziste aktyèlman nan Eta New York ki ap pèmèt yon tribinal bay yon òdonans pou sezi tanporèman zam yon moun ki montre siyal alam yo, tankou konpòtman vyolan, oswa ke yo kwè ki poze yon menas danje grav pou tèt li oswa pou lòt moun, amwens ke yo te akize moun sa tou de yon krim oswa yon enfraksyon familyal. An plis, okenn eta nan nasyon an aktyèlman pa bay pwofesè ak direktè lekòl li yo pouvwa pou yo anpeche fiziyad nan lekòl yo apati pouswit entèvansyon tribinal.

Lwa a pral bay tout pwoteksyon pwosediral ki nesèsè pou asire ke yo pa retire okenn zam san pwosesis ki nesèsè yo pandan y ap asire ke trajedi tankou fiziyad nan lekòl nan Parkland, Florida pa repete ankò. Nan fiziyad masif sa a, divès moun te rapòte moun ki te tire moun yo kòm yon moun ki deranje epi danjere, epoutan yo te pèmèt li achte epi posede zam mòtèl yo. Anfèt, plis pase mwaye moun ki tire moun nan fiziyad masif yo montre siy avètisman avan fiziyad la, dapre yon analiz yo te fè resaman. Nan ka sa yo, yon òdonans pwoteksyon kont risk ekstrèm te ka anpeche yon pakèt lanmò ki pa nesèsè.

Avan sa, Gouvènè Cuomo te fè vanse lejislasyon pou retire zam nan men moun ki poze danje yo avèk lansman yon kanpay toupatou atravè eta a pou pwomilge Pwojè Lwa sou Pwoteksyon Kont Zam Apati Siyal Alam lan (Red Flag Gun Protection Bill) nan mwa jen ki sot pase a. Kanpay la te gen ladan yon seri toune an bis pou ale nan lekòl toupatou atravè eta a yo pou yo kanpe an solidarite ak elèv, pwofesè, ak administratè lekòl ki sipòte pwojè lwa a yo ak lòt refòm bon sans sou zam yo.

Entèdi Bump Stock yo

Fiziyad ki te fèt Las Vegas an 2017 la ki te touye 58 moun lan te demontre konsekans mòtèl bump stock yo, ki ka atache nan yon zam semi-otomatik pou fè l fonksyone menm jan ak yon mitrayez. Bump stock yo pa gen okenn izaj lejitim pou chasè oswa espòtif yo epi yo sèlman lakoz koudfe enprevizib akselere. Pa gen okenn rezon pou nou pèmèt yo kontinye vann yo nan Eta New York.

Pwolonje Peryòd Atant pou Verifikasyon Antesedan yo

Gouvènè Cuomo a te pwopoze anvan sa pwojè lwa pou etabli yon peryòd atant dis jou pou moun yo pa't apwouve imedyatman pou yo achte yon zam atravè Sistèm Verifikasyon Antesedan Kriminèl Enstan Nasyonal la (National Instant Criminal Background Check System, NICS). Lwa federal ki an vigè a egzije vandè zam yo mennen verifikasyon antesedan NICS sou yon achtè potansyèl yo avan yo vann li yon zam afe, sa ki imedyatman ofri yon vandè youn nan twa notifikasyon posib: “apwouve”, “refize”, oswa “retade”. Nan ka yon repons “retade”, vandè a dwe tann twa jou avan vant lan elijib pou l vanse, menm lè FBI ap kontinye envestige pase moun lan apre delè twa jou a. Souvan, avan yo ka detèmine ke achtè potansyèl la te, an fèt, inlijib, yo te deja vann moun sa a yon zam afe apre peryòd twa jou a fini. Pwolonjman peryòd atant dis jou a ta pral pèmèt gen tan ase pou yo fin konplete verifikasyon antesedan

yo, epi ajoute sou efò lejislatif yo pou asire ke sèlman sila yo ki elijib pou yo achte epi posede yon zam yo kapab fè sa.

“Pou nou sove lavi moun kont vyolans ak zam, sa mande pou nou gen lidè tankou Gouvènè Andrew Cuomo ki gen kouraj pou yo fè sa ki jis”, **Ansyen Manm Kongrè Gabrielle Giffords te deklare.** “Li te refize abandone fas a moun k ap fè presyon an favè zam yo epi li te kontinye defann politik ki te fè New York rete yon lidè nan efò pou reponn a flewo sa a k ap menase sekirite piblik la. Istwa sa a kontinye jodi a pandan l ap renouvle efò li yo, avèk sipò lejislatè eta a yo, pou yo pwomilge lejislasyon ki pral pi byen pwoteje lekòl, lari, legliz, ak katye New York la yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l pa janm renonse epi n ap kanpe avèk li pou n lite an favè nouvo lejislasyon sa a ki pral fè kominote New York yo vin pi an sekirite.”

Senatè Brian Kavanaugh te deklare, “Mwen te fyè pou m mete ansanm ak Gouvènè Cuomo pou nou pwomilge Lwa NY SAFE la, ak lòt politik bon sans pou prevansyon vyolans ak zam pandan tout dire administrasyon li an. Pandan Repibliken nan Washington yo ap plede refize pran mezi pou yo pwoteje nou, Gouvènè Cuomo, kòlèg Demokrat nou yo ki nan Sena ak nan Asanble a, ansanm avèk mwen, nou rete angaje pou nou fè tout sa nou kapab isit la nan New York pou nou sove lavi moun. Mwen patikilyè apresye sipò solid Gouvènè a ap bay pou pwomilgasyon òdonans pou pwoteksyon kont risk ekstrèm yo, ki se yon zouti nou te chache genyen depi byen lontan ki pral retire zam nan men moun ki pi siseptib pou yo fè pwòp tèt yo oswa a lòt moun mal. Mwen atann pou m travay sou dispozisyon definitiv pwojè lwa a epi pwomilge lejislasyon enpòtan sa a imedyatman nan nouvel sesyon an.”

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, “Pandan fiziyad masif yo vin deplizanpli kouran, li enpòtan anpil pou New York fè tout sa nou kapab pou nou asire sekirite ak pwoteksyon kominote nou yo. Angajman fèm Gouvènè Cuomo pran anvè sekirite zam afe a ap sèvi kòm yon egzanp pou nasyon an epi mwen aplodi l paske l kontinye pran menm angajman sa a anvè kontwòl zam afe yo. Li enpòtan anpil pou nou pwomilge Òdonans pou Pwoteksyon Kont Risk Ektrèm yo, ke yo konn rele tou lwa siyal alam lan, nan sesyon lejislatif k ap vini an epi mwen atann pou Gouvènè Cuomo siyen l vin lwa.”

Manm Asanble Patricia Fahy te di, “Pandan gouvènman federal la fèmen je yo sou fiziyad an mas ak trajedi ki rive akòz zam yo, New York prè pou l kontinye trase chemen an anvè sekirite zam afe yo. Vizyon bon sans Gouvènè Cuomo genyen pou kontwòl zam lan opoze radikalman a administrasyon Trump lan, ki redevab anvè NRA a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li epi mwen atann pou nou pwomilge lejislasyon mwen an vin lwa pou nou entèdi bump stock yo nan yon fason pèmanan nan Eta New York - pami lòt mezi kontwòl zam vital nou ka pran mezi sou yo pandan sesyon sa a.”

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York ap reponn a demann pou nou pwomilge lejislasyon sou sekirite zam afe ki pi solid. Apre yon ane kote te gen plis fiziyad nan lekòl nan istwa Etazini, se devwa nou pou pran mezi enpòtan, ki gen bon sans pou nou asire Nouyòkè yo rete an sekirite. Se te moun ki pa ta dwe posede zam avan tou ki te fè anpil nan fiziyad masif ki te fèt ane sa a yo. Gouvènè Cuomo rekonèt ke acha yon zam pa ta dwe yon pwosesis akselere,

epi mwen aplodi demann li fè pou nou pwolonje peryòd datant pou moun achte zam lan.”

Sou Gouvènè Cuomo, New York te adopte pi gwo lwa sou kontwòl ki pi djanm yo nan nasyon an, ki gen ladan Lwa sou Sekirite nan Zafè Minisyon ak Zam Afe lan (Secure Ammunition and Firearms Enforcement Act, SAFE Act) ki ap evite ke zam tonbe nan men moun ke yo te kondane pou enfraksyon yo epi moun ki malad ki danjere onivo mantal yo, entèdi magazin zam ki gen anpil kapasite yo ak fizi daso yo, epi andisi sanksyon kriminel yo pou itilizasyon zam ilegal yo. Gouvènè an te adopte resamman yon lwa ki vize lyen ke yo byen konnen ki genyen ant abi domestik ak vyolans ak zam ki mòtèl yo.

Gouvènè an tou te defann efò rediksyon pou vyolans ak zam ki baze sou evidans yo ki te resevwa rekonesans nasyonal, tankou inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam lan (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) ak pwogram SNUG, ki ansanm ap travay pou sipòte alafwa ajans fòs lapolis yo ak òganizasyon ki baze nan kominote yo an prevansyon a fiziyab ak omisid ki enplike zam yo.

Gouvènè Cuomo te dirije kreyasyon kowalisyon “Eta pou Sekirite Zam yo” (States for Gun Safety) ane pase pou konbat epidemi vyolans ak zam yo fas a yon gouvènman federal ki kontinye refize aji. Ansanm ak New Jersey, Connecticut, ak Rhode Island, Eta New York te rantre nan yon akò pou mennen ankèt epi entèsepte zam ki ilegal yo, pataje enfòmasyon yo pi byen sou moun ki gen entèdiksyon pou yo achte oswa posede zam yo, epi kreye premye konsòsyòm rechèch sou vyolans ak zam rejyonal nan nasyon an. Massachusetts, Delaware, ak Puerto Rico te rejwenn kowalisyon an tou, ki kounye a reprezante plis pase 35 milyon Ameriken. Anplis de sa a, Gouvènè Cuomo te afwonte NRA a lè pèsòn lòt moun pa te fè l, kote li te mennen lit pu entèdi pwogram asirans “Carry Guard” mak NRA a, ki ofri garanti asirans ilegal pou pwopriyetè zam yo pou kouvri konpòtman kriminel entansyonèl ki lakoz moun blese yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)